**REZYUME.** Maqolada asosiy to'qimachilik sanoati xomashyosi turlari ularni qisqacha tavsifi, jahonda tayyorlanish hajmi va tur tarkibi hamda ishlab chiqarish va eksporti geografiyasi berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье дана краткая характеристика основных видов сырья текстильной промышленности, объемов производства и видовой структуры в мире, а также географии производства и экспорта.

**SUMMARY.** The article provides a brief description of the main types of raw materials of the textile industry, the volume of production and type composition in the world, as well as the geography of production and export.

## ХАЛЫҚТЫҢ ТӘБИЙИЙ ҲӘРЕКЕТИНЕ ИЛИМИЙ КӨЗҚАРАС

**Г.Б.Утепова** – *география илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** аҳолининг такрор барпо бўлиши, туғилиш, ўлим, аҳолининг ўртача умр кўриш ёши, брутто коэффициент, нетто коэффициент.

**Ключевые слова:** естественное воспроизводство населения, рождаемость, смертность, средний возраст населения, брутто коэффициент, нетто коэффициент.

**Key words:** population renewal, birth, death, average life expectancy, gross rate, net coefficient.

Ҳәр жылы кандайда бир себеплерге байланыслы дүньядан көз жумған халық орнын жаңадан дүньяға келген әўладлар есабынан толтырылып барылыўы *"халықтың тәбийий қайта толысыўы"* деп аталады. Әўладлар алмасыўы (халықтың қайта толысыўы) даўамында халықтың саны, динамикасы, жас ҳәм жыныс қурамы өзгереди. Туўылыўшылық ҳәм өлиўшилик көрсеткишлери тийкарында тәбийий өсиў көрсеткишлери халықтың қайта толысыўына өз тәсирин тийгизеди. Халықтың қайта толысыўы жәмийеттиң даўамлылығын тәмийнлеўши тийкарғы процесс болып ол инсанияттың турақлы жаңаланып турыўы есапланады.

Туўылыў ҳәм халықтың репродуктивлик қәлеўи: Туўылыў демографиялық процесслерден бири болып, ол да бирқатар социаллық-экономикалық, материаллық факторлар тәсиринде раўажланады. Сондай-ақ, жәмийеттеги социаллық-экономикалық орталық туўылыў дәрежесин белгилейди. Буларға ҳаяллардың жәмийеттеги орны ҳәм дәрежеси, бәнтлиги, материаллық шараятлары, медициналық хызмет пенен тәмийинлениўи, мәмлекеттиң демографиялық сиясаты ҳәм тағы басқалар киреди. Халықтың жасаў шараяты туўылыў дәрежесиндеги географиялық айырмашылықларды айқын көрсетеди.

Белгили демограф Б.Ц.Урланис "қай жерде кәмбағаллық ҳәм жарлылық болса, сол жерде турмыслық шараят, мәдeният төмен дәрежеде болады" деген пикирди билдирген еди. Ҳақыйқатында да халықтың турмыслық шараяты, мәдeнияты өскен сайын оның орташа өмир көриў дәўири узаяды, халықтың қурамында кекселер муғдары артады. Адамлардың тапқан дәраматлары шаңарағының мүтәжликлерин қанаатландырыўға ҳәм өзлериниң жақсы жасаўына жетеди. Демек, халықтың мәдений дәрежесиниң көтерилиўи туўылыў көрсеткишиниң төменлеўине алып келеди десек алжаспаймыз.

XIX әсирдың биринши ярымына шекемги дәўирде жер жүзиниң барлық аймақларында туўылыў көрсеткиши жоқары дәрежеде болды. XX әсирге келип көпшилик раўажланған мәмлекетлерде индустрияласыў, урбанизация процесслериниң жеделлесиўи, ҳаяллардың өндиристе активлигиниң артыўы, илим-билимлендириў тараўындағы раўажланыўлар, мәдениаттың раўажланыўы, жаслардың бираз кеш некеге кириўи (турмыс қурыўы) нәтийжесинде туўылыў бирқанша төменледи. XIX әсир ақырына шекем Европа мәмлекетлеринде туўылыў жоқары, өлим төмен болып, халықтың қайта толысыўы интенсив жағдайда болған болса, XX әсирге келип туўыўшылық көрсеткишлериниң төменлеўи әҳмийетли түс алған ҳәм ҳәзирги дәўирге шекем бул процесс даўам етпекте. Латын Америкасы мәмлекетлеринде болса туўылыўдың жоқары, өлим жағдайының төмен көрсеткишлери өткен әсирге шекем сақланып келди. Ҳәзирги ўақытта болса бул регионларда демографиялық өтиў процеси даўам етпекте.

Туўылыў процесине тәсир етиўши факторлардан және бири бул ҳаяллардың жәмийеттеги орны. Әсиресе, ҳаяллардың билим дәрежеси және социаллық өндиристе қатнасыўы туўылыўға, шаңарақтағы перзентлер санына тәсир етеди. Шаңарақта тек перзент тәрбияси ҳәм үй жумыслары менен бәнт болған ҳаялға салыстырғанда мағлыўматы, қандай да бир тараўда хызмет көрсететуғын ҳаяллардың перзентлери кем болады. Себеби, олар өзиниң алдына қойған мақсетине жетиў ушын үлкен машақатлы жолды басып өтеди, жәмийеттен орнын табады, сонлықтанда кеш турмыс қурады, перзентлер санында аз болады. Олардың пикирлеў шеңбериниң кеңлиги билим ҳәм мәдeният дәрежеси "көп балалы" болыўды бийкар етеди.

Жоқарыда мысалда келтирилгендей, раўажланған Европа мәмлекетлери халқының жынислық қурамында ҳаяллардың 45-50%и экономикада бәнт. Ал, Азия, Африка мәмлекетлеринде бул көрсеткиш әдеўир төмен. Ҳаяллардың социаль-экономикалық тараўларда қатнасыўы тек ғана мәмлекетлерде емес, олардың аймақлық қурамында да бир-биринен кескин парықланады. Сол себепли қала халқы ҳәм аўыл халқы арасында туўылыў дәрежесиде бирдей болмайды. Әййемги заманлардан бери сақланып киятырған жағдай бул аўыл халқы қала халқына салыстырғанда туўылыў дәрежеси мудамы жоқары болып келгенлигиниң гуўасы боламыз.

Туўылыўға унамлы тәсир етиўши факторлардан бири неке қурыў жасы есапланады. Неке жасы мәмлекет тәрепинен белгиленеди. Ерте неке қурыў туўылыў дәрежесин арттырса, керисинше кеш некеге кириў ажырасыўдың азайыўына, бирақ туўылыўдың кем болыўына алып келеди. Африка, Азия ҳәм Латын Америкасы мәмлекетлеринде жаслар ерте неке қурады. Батыс Европада болса керисинше. Неке қурыў жәмийетте әўладлар алмасыўы ушын тийкар болса, ажырасыў туўылыўдың сезилерли дәрежеде төменлеўине себепши болады. Ажырасыўлардың алдын алыў, туўылыў дәрежесин нормада услаў мәмлекетлик әҳмийетке ийе мәселе есапланады. Сол себептен демографиялық процеслерди бақлаў, тийисли ис-илажлар алып барыў, туўылыў көрсеткишлерине тәсир етиў мақсетинде ҳәр бир мәмлекет тәрепинен "демографиялық сиясат" алып барылады. Халықтың тәбийий өсиўи төмен болған мәмлекетлерде туўылыўды көбейтиўге қаратылған сиясат алып барылады. Бунда халық материаллық ҳәм руўхый жақтан хошаметленеди, жас шаңарақлар ушын қолайлы шараятлар жаратылады, жоқарыда келтирилген ажырасыўлар мәмлекет тәрепинен қатаң қадағалаўға алынады.

Ҳәзирги ўақытта туўылыўды көбейтиўге қаратылған сиясат батыс мәмлекетлеринде жүргизилмекте. Керисинше туўылыўды шеклеў сиясатын илгери сүрип атырған мәмлекетлерде бар. Олар тәбийий рәўиште халқы тезлик пенен көбейип атырғанлығы себепли усындай сиясат алып барыўға мәжбүр. Туўылыўды

шеклеў сиясаты раўажланып атырған Азия мәмлекетлерине тән. Атап айтқанда халқының өсиў пәти жоқары болған Қытай, Ҳиндстан, Индонезия сыяқлы мәмлекетлерде дүнья халқының 40%тен асламы жасайды. Қытайда ерте шаңарақ қурыў әсиресе, студентлердиң оқыў дәўиринде турмыс қурыў пүткиллей қадаған етилген. Қытайда 1979-жылдан баслап "бир шаңараққа бир бала" сүрени астында демографиялық сиясат алып барылған болса, 2015-жылдан баслап еки перзентке рухсат берилди, ал 2021-жыл 31-май күнинен баслап үш перзентли болыўға рухсат берилди. Тилекке қарсы 40 жылға шамалас даўам еткен демографиялық сиясат нәтийжесинде енди Қытайлы жаслар көп балалы болыўды қәлемейтуғынлығы ҳаққында өз пикирлерин билдирмекте.

Демография пәнинде ҳаяллардың репродуктив (дүньяға перзент келтире алыў мүмкиншилигине ийе болыўы) жасында дүньяға қыз перзентлерди (келешектеги аналарды) келтириў ҳәм олардың жасап кетиў мүмкиншиликлерин де илимий тәрептен үйренип төмендегише еки топарға ажратқан;

- *Брутто коэффициент* - репродуктив жастағы (15-49 жас) ҳәр бир ҳаялдың өзинен кейин изинде неше қыз перзент қалдырыўы;
- *Нетто коэффициент* - репродуктив (15-49 жас) ҳәр бир ҳаял өзинен кейин қалдырған қызларының анасының жасына шекем тири жасаўы.

Халықтың өлими ҳәм орташа өмир көриў дәўири: Өлим әўладлар алмасыўындағы тийкарғы процесс есапланады. Халықтың өлими ҳәр қыйлы себеплер нәтийжесинде жүз береди. Өлим халықтың тәбийий өсиўи ҳәм де кемейиўинде әҳмийетли демографиялық процесс болып табылады. Өлимниң жүз бериўинде тийкарынан эндоген ҳәм экзоген факторлар тәсир етеди.

*Эндоген факторлар* - адам организмниң ишки ҳәрекети, оның қәлиплесиўи, раўажланыўы, ўақыттың өтиўи менен искерлигиниң төменлеўине яғный қартайыўына себеп болатуғын факторлар болып табылады. Әдетте эндоген факторлар себепли үлкен жастағы халық көбирек қайтыс болады. Бул жағдай норматив ҳәдийсе деп баҳаланады. Бирақ, тилекке қарсы халықтың жас қатламында да эндоген машқалалар себепли өлим ҳәдийсеси жүз береди. Буларға даўасы жоқ нәсиллик (атадан-балаға өтиўши) кеселликлер ҳәм арттырылған кеселликлер себеп болады.

*Экзоген факторлар* - адамлардың сыртқы тәсир менен байланыслы өмирден көз жумыўы болып, бул фактор нәтийжесинде ҳәр түрли жастағы адамлардың түрли ўақытта ҳәр қыйлы себеплер менен қайтыс болыўы. Бул факторларға ҳәр қыйлы тәбийий апатлар, жуқпалы кеселликлер, кәсип кеселликлери, аўыр ҳәм қолайсыз мийнет шараятлары нәтийжесинде жүзеге келген кеселликлер, бахытсыз ҳәдийселер, зәҳәрлениў, нәшебентлик, алкоголизм ҳәм тағы басқалар киреди. Ҳәзирги заман санааты, урбанизация, илим-техниканың раўажланыўы, автоматластырыў, халық хожалығын химияластырыў нәтийжесинде қоршаған орталықтың, әсиресе атмосфера ҳаўасының бузылыўы, ағын суўдың патасланыўы өлиўшилик жағдайларының еле де көбейиўине себепши болмақта.

Өлиўшилик көрсеткишлери ҳәр бир аймақтағы өндириўши күшлердиң раўажланыў дәрежесине, халықтың жасаў шараяты ҳәм денсаўлықты сақлаў системасының раўажланыў жағдайына байланыслы болады. Бул тараўлардың раўажланыў дәрежеси қанша жоқары болса, өлим көрсеткиши сонша төмен болады, ямаса керисинше. Көпшилик өлиўшилик дәрежеси жоқары болған раўажланып атырған мәмлекетлерде жоқарыда айтып өтилген тараўлардың раўажланыўы төмен дәрежеде екенлигинен дерек береди. Мысалы, Африка мәмлекетлеринде дүнья жүзи бойынша улыўма өлимшилик көрсеткиши оғада жоқары. Ҳәр 1000 адамға туўра келетуғын халықтың өлими 15-20‰ (промилле), айрым орынларда 25‰ ге шекем жетеди.

Өлиўшилик дәрежеси жоқары болған екинши регион Европа есапланады. Социаллық - экономикалық раўажланыўына қарай бир-биринен кескин парқланыўшы бул еки географиялық регион өлиўшиликтиң көплиги бойынша бир-бирине уқсас. Европаның дерлик барлық аймақларында өлим туўылыўға салыстырғанда жоқары. Өлимниң улыўма көрсеткиши менен мәмлекеттиң экономикалық раўажланыўы арасындағы байланыс ҳәмме ўақыттада өзин ақламайды. Атап айтқанда, Европа регионы экономикалық жақтан қуўатлы болыўына қарамастан халық арасында өлим муғдарының көплиги менен ажралып турады. Бул жағдайды социаль-экономикалық шараят пенен емес, ал халықтың жас өзгешелигиндеги жағдайын баҳалаў мақсетке муўапық. Сол себепли илимде халықтың өлим көрсеткишлерин жас өзгешелиги бойынша анализлегенде өз алдына топарға бөлип үйрениледи. Европа халқының өлиўшилик көрсеткишин жас топарлары бойынша анализлегенде балалар ҳәм орта жастағылар арасында өлиўшилик аз ушырасады, ал керисинше қария жастағыларда бул жағдай жүдә жоқары. Халықтың жас қурамында қариялардың көплигин инабатқа алсақ, бул тәбийий түрдеги улыўмалық өлим көрсеткиши деп есаплаймыз. Усының менен бирге Европа халқының қурамында экзоген факторлар себепли жүз беретуғын өлим ҳәдийсеси көбирек ушырасады. Туўылыў дәрежесиниң төменлиги, өлиўшиликтиң туўылыўдан көплиги халықтың тәбийий азайыўын келтирип шығарады. Бүгинги күнде Европа континентиниң демографиялық жағдайында дәл усындай халықтың толысыў жағдайы жүз бермекте яғный халық тәбийий түрде азаймақта.

Африка континентин салыстырмалы баҳалайтуғын болсақ, регионның социал - экономикалық раўажланыўындағы артта қалыўшылық, денсаўлықты сақлаў тараўының жеткиликли раўажланбағанлығы, туўылып атырған нәрестелер санының ҳәдден тыс көплиги ҳәм олар арасындағы шетнеўдиң (өлиў) жоқарылығы региондағы өлиўшилик көрсеткишиниң жоқары дәрежеде екенлигин көрсетпекте. Өлиўшилик көрсеткишлериниң жоқары ямаса төмен болыўы бир жасқа шекемги нәрестелердиң шетнеўи менен тиккелей байланыслы. 2021-жылғы мағлыўматларға қарағанда ҳәр бир 1000 нәрестеге туўра келетуғын нәрестелер шетнеўи жержүзи бойынша орташа 31‰ни қурайды. Усыннан Африкада 47‰, Европада 4‰, Австралияда ҳәм Океанияда 16‰, Азияда 26‰ ҳәм Америкада 12‰ ге тең [3].

Халықтың географиялық жайласыўы ҳәм миграциясы өлимге белгили бир дәрежеде тәсирин тийгизеди. Халық тығыз жайласқан аймақларда ҳәр қыйлы эпидемиялық кеселликлер тез тарқалады, миграция ағымы жөнелген аймақларда мигрантлар өзлери менен инфекциялы кеселликлерди де алып жүреди. Нәтийжеде өлиўшилик жағдайларының күшейиўине алып келеди. Халықтың өлиўшилик көрсеткишлери ҳәрқыйлы географиялық аймақтағы халықтың орташа өмир көриў дәрежесин белгилеп береди.

2021-жылғы статистикалық мағлыўматларға қарағанда халықтың орташа өмир көриў көрсеткиши дүнья жүзинде ер адамларда 71, ҳаялларда 75 жасқа тең екенлиги көрсетилген. Халықтың орташа өмир көриў көрсеткишлериниң ең жоқары көриниси раўажланған мәмлекетлерге туўра келеди (ер адамлар - 76, ҳаяллар - 82 жас) [3]. Орташа өмир сүриў жасы 80 ҳәм оннан жоқары болған көрсеткиш көпшилик жағдайда

ҳаялларда бақланбақта, ал ер адамларда дерлик аз. Ҳаяллар арасында 80 ҳәм оннан артық өмир көриў жасына ийе болған мәмлекетлерге; Қытай (Гонконг)-88 жас, Япония-87, Кубла Корея-86, Норвегия-85, Финляндия-84, Швеция-84, Греция-84, Италия-84, Канада-84, Тайван-84 ҳәм Батыс Европа мәмлекетлери-(84 жас) киреди. Кувейт- 83, Катар- 82, Панама- 82, Уругвай- 81, Малдив- 81, Бразилия- 80, АҚШ- 80, Шри- Ланка- 80 жас [3]. Усы санап өтилген мәмлекетлерде жер жүзи бойынша ең киши нәрестелердиң шетнеўи айқын бақланады. Узақ өмир көриў жасына ерисиў ҳәр бир мәмлекеттиң социаль-экономикалық раўажланыўына байланыслы болыўы менен бирге денсаўлықты сақлаў, халықтың саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдеги ерискен жетискеншиликлери көзге тасланады.

Халықтың тәбийий ҳәрекетин илимий тәрептен талқылағанымызда “демографиялық сиясат”ты шетлеп өте алмаймыз. Дерлик жер жүзиниң барлық мәмлекетлериндеги демографиялық сиясаттың тийкарғы мақсети халықтың сапасын жоқары дәрежеде көтериўден ибарат. Онда халықтың:

- саламатлығын жақсылаў;
- аналар ҳәм балалар өлимин қысқартыў;
- орташа өмир көриў жасын узайтыў;
- азық - аўқат пенен турақлы тәмийинлеў дәрежеси;
- социаллық жақтан қоллап-қуўатлаў;
- күнделикли хызмет көрсетиўдиң сапасын арттырыў;
- билим дәрежесиниң сапасын асырыў;
- урбанизация дәрежесин көтериў;
- миграциясын турақластырыў;

Өзбекстан Республикасында да халықтың сиясаты мәмлекетлик сиясат пенен өз ара тығыз байланыслы бууынлардан қуралған. Бул бууынларға демографиялық сиясат, халықтың миграциясы, урбанизация ҳәм бәнтлик сиясатларын киргизиў мүмкин. Жоқарыдағы сөз етилген ис-илажларды әмелге асырыў мәмлекетимиздиң дыққат итибарында. Өзбекстан республикасында демографиялық сиясат мәселелерин алып барыўда ғалаба хабар қураллары ҳәм социаллық тармақлардан кең түрде пайдаланылмақта. Бунда жас шаңарақлардың перзент көриўин қоллап-қуўатлаў ҳам оларды ҳуқуқый тәрептен қорғаў, “оптималь шаңарақ”, “саламат перзент”, “беккем шаңарақ” тийкарында түсиник жумыслары алып барылады. “Шаңарақ кодекси”нде белгилеп берилген нызамлар тийкарында шаңарақлар тикленбекте ҳәм олар мәмлекет тәрепинен қоллап - қуўатланбақта.

**Әдебиятлар**


1. Абдураҳмонов Қ.Х. ва бошқалар Демография. Дарслик. - Т.: «Иқтисодиёт», 2014.
2. Бўриева М.Р., Эгамова Д.Н. Дунё аҳолиси: Ривожланиш жараёнлари (ўқув қўлланма). -Т.: “Фан”, 2008.
3. World population data sheet. 2021.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада аҳолининг табиий такрор барпо бўлиши, туғилиш ва ўлимнинг жаҳон давлатларидаги ўзига хос кўрсаткичлари, аҳолининг репродуктив хоҳиши, ўлимнинг эндоген ва экзоген омиллари, брутто коэффициент ва нетто коэффициент, шунингдек аҳолининг ўртача умр кўриш даври ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** Эти источники информации рассказывают о естественном восстановлении и регенерации, процессе рождения, специфическом стремлении миров к смерти, эндогенных и экзогенных факторах смерти, валовой и чистой рентабельности, средней продолжительности жизни страны.

**SUMMARY.** This article talks about the natural regeneration of the population, specific indicators of birth and death in the countries of the world, the reproductive desire of the population, endogenous and exogenous factors of death, gross coefficient and net coefficient, as well as the average life expectancy of the population.